

Kontra Enskripsyon Hope PACE®  
**Yon Gid Pou Eksplike Sèvis Yo**





# Kontra Enskripsyon

Revize 5-17

Rele Hope PACE nan (239) 985-6400,  
Apèl Gratis (866) 659-7223 oswa  
Moun ki Mal Pou Tande (800) 995-8771

## Sa ki Nan Tiliv la

1. Entwodiksyon.....	2
2. Misyon Nou .....	2
3. Deskripsyon Pwogram nan .....	3
4. Kalifikasyon .....	3
5. Sèvis Espesyal.....	4
6. Pou Jwenn Aksè Nan Sèvis yo .....	5
7. Enstriksyon Davans ak Manda .....	8
8. Avantaj ak Pwoteksyon.....	9
A. Dat Enskripsyon an Anvigè .....	9
B. Fèy Siyati Kontra Enskripsyon .....	10
C. Deskripsyon Jeneral Avantaj ak Pwoteksyon.....	12
D. Sant Hope PACE la.....	15
E. Ekip Hope PACE la.....	16
F. Pwofesyonèl Swen Sante ak Kontra yo .....	17
G. Finansman: Enfòmasyon sou Peman Chak Mwa.....	18
H. Finansman: Ekslizyon ak Limitasyon.....	19
I. Etablisman Swen Alontèm .....	20
9. Ijans ak Swen Ijan.....	21
10. Chòk pa Aksidan.....	23
11. Dwa Patisipan yo .....	24
12. Responsablite Patisipan ak Moun k ap Bay Swen yo .....	27
13. Sipò Konsomatè ak Pledwari .....	28
14. Fen Avantaj yo.....	33
15. Dispozisyon Konsènan Renouvèlman .....	35
16. Deklarasyon Konsènan Konfidansyalite .....	35
17. Definisyon yo.....	36

# 1. Entwodiksyon

*“Nou t ap panse pa t ap gen okenn lòt chwa lè se te lè pou plis èd medikal...plis swen enfimye...plis swen ak sa ou gen pou fè nan vi ou chak jou.”*

Byenveni nan Hope PACE®, yon Pwogram pou Granmoun aje ki Gen tout Swen ladan (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE). Nou kontan ou te chwazi Hope PACE pou swen sante ou.

Kontra Enskripsyon sa a pral ede w konprann:

- Hope PACE, pwogram PACE ki sèvi konte Charlotte, Collier ak Lee yo
- Ki kalite swen Hope PACE ka ba ou
- Kontra Enskripsyon ou siyen an

Hope PACE devwe li pou ede ou rete an sante mezi li posib pou kantite tan li posib. Hope PACE se yon pwogram ou enskri ladan si ou vle, epi ou ka soti ladan nenpòt ki lè. Nou vle ede w rete nan pwòp kay ou ak kominote ak fanmi ou. Nou pral fè tout sa nou konnen pou ede ou vin pi solid pou w ka kontinye fè bagay ki fè kè ou kontan yo. Nou pral konsantre sou sa ou kapab fè, tan pou nou konsantre sou sa ou pa ka fè.

Si w gen nenpòt kesyon apre ou fin li kontra enskripsyon sa a, tanpri rele biwo admisyon ak enskripsyon nou an: (239) 985-6400, apèl gratis (866) 659-7223 oswa moun ki mal pou tande (800) 995-8771.

Nou aksepte patisipan nan pwogram sa a epi bay yo sèvis san distenksyon akòz ras, koulè, orijin nasyonal, si yo andikape, si yo veteran, oryantasyon seksyèl yo, oswa laj yo\*.

\* Remak: Pa aplike pou kondisyon pou yon moun gen 55 lane oswa plis pou li kalifye.

## 2. Misyon Nou

Pou bay swen alontèm total kapital santre sou kliyan pou moun aje ki frajil pandan n ap kore dezi fondamantal yo pou diyite, otonomi, ak kapasite pou kenbe yon nivo endepandans epi, pou kore desizyon nan fen vi yo nan yon anviwònman ki bay swen ak sipò.

### 3. Deskripsyon Pwogram nan

Hope PACE, yon pwogram Hope Hospice and Community Services, se yon Pwogram pou Moun Aje ki Gen tout Swen ladan an (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE). PACE baze sou modèl swen alontèm nan San Francisco ki te jwenn anpil siksè yo rele On Lok. Pwogram sa a te devlope kòm yon plan sante espesyal pou moun aje yo. Anpil fwa moun ki pi aje yo gen pwoblèm medikal ki dire anpil tan. Plan sante sa a fè aranjman pou doktè, enfimyè, oswa lòt moun nan domèn medikal espesyal ede avèk pwoblèm sa yo. Epi tou li bay patisipan Hope PACE yo yon kote pou resevwa swen sa a.

Hope PACE se diferan ak nenpòt lòt kalite pwogram swen sante. Li se yon pwogram swen sante konplè ki ofri yon fason pi pèsònèl pou jwenn swen sante. Tout moun nan Hope PACE vle konnen ki moun ou ye. Apre nou fin konnen ou, anplwaye Hope PACE nou yo ap travay avèk ou ak fanmi ou pou ba ou kalite swen ou bezwen an.

Nou vle ede ou rete endepandan mezi li posib. Nou ofri yon pwogram konplè pou swen sante ak sèvis sante ki gen rapò ak yo, epi yo tout te kreye yon fason pou w ka rete nan pwòp kay ak kominote ou pou mezi tan sa posib.

Hope PACE bay plizyè kalite sèvis vennkat (24) èdtan nan yon jounen, sèt (7) jou nan yon semèn, twa san swasant-senk (365) jou nan yon ane. Moun ki espesyalize nan swen sante yo veve chanjman nan kondisyon sante ou, bay tretman, ak ankouraje w fè bagay pou tèt ou. Nan Hope PACE nou ofri tretman medikal, enfimyè, terapi fizik, terapi okipasyonèl, sèvis nitrisyonèl, sèvis travay sosyal medikal, epi yo gen sèvis ou ka jwenn lakay ou. Anplis, sèvis medikal espesyal tankou sèvis tandè, swen dan, zye, terapi sante mantal ak langaj se bagay ki enpòtan nan swen.

Si ou bezwen swen nan yon lopital, ou pral jwenn swen sa a atravè Hope PACE. Si ou bezwen sèvis mezon retrèt, Hope PACE ap fè aranjman pou swen nan yon mezon retrèt nan kominote a. Epitou, Hope PACE enterese nan bezwen sosyal, kiltirèl ak ekonomik ou ak fanmi ou. Ou dwe konnen, sa a santrè nan misyon nou pou ou.

### 4. Kalifikasyon

Pou ou kapab kalifye pou enskri nan Hope PACE ou dwe:

- Gen omwen 55 lane
- Se yon rezidan nan konte Charlotte, Lee oswa Collier
- Kapab viv nan kominote a san ou pa mete sante oswa sekirite ou nan danje
- Kalifye klinikman pou yo mete ou nan yon mezon retrèt selon Depatman Zafè Moun Aje Florida (Florida Department of Elder Affairs, DOEA)

## 5. Sèvis Espesyal

Gen kèk bagay nan pwogram nou an ou p ap jwenn nan okenn lòt pwogram swen sante.

- **Yon Ekip Swen Entèdisiplinè** - Yo planifye swen ou avèk ou ak fanmi ou epi se yon Ekip Swen Entèdisiplinè ak yon seri moun espesyal k ap travay pou ou ki ba ou swen an. Ekip ou a gen ladan omwen yon doktè premye swen, yon enfimyè diplome, yon travayè sosyal, yon dyetetis, yon terapis fizik, yon terapis okipasyonèl, yon terapis lapawòl, yon kowòdonatè aktivite, yon manadjè Hope PACE, yon kowòdonatè swen lakay, yon asistan pèsònèl swen oswa reprezantan li, epi yon chofè oswa reprezantan li. Yo itilize konpetans espesyal chak manm Ekip la pou detèmine tout bezwen ou pou swen sante. Ekip la ka rele lòt espesyalis pou ede tou. Ansanm avèk ou, nou kreye yon plan swen sante pou ou.
- **Otorizasyon Swen** - Ou pral aprann konnen manm Ekip ou yo byen. Yo pral ede ou rete an sante ak endepandan mezi li posib. Ekip ou a dwe otorize chwa ou pou swen sante davans pou Hope PACE kapab peye pou sèvis sa yo. Apeprè de (2) fwa pa ane, Ekip ou a pral pale sou bezwen ou yo. Yo pral pale ak ou ak fanmi ou pou wè si bezwen sa yo te chanje. Yo pral rankontre pi souvan avèk ou ak fanmi ou si bezwen sante ou mande sa, oswa si ou menm oswa fanmi ou mande sa. Si Ekip Swen entèdisiplinè ou a twouve li nesèsè pou ou pou w resevwa sèvis adisyonèl nan men lòt doktè oswa espesyalis, lè sa a y ap apwouve sèvis sa yo anvan ou al wè pwofesyonèl swen sante deyò a. Si ou pran randevou san Ekip la pa konnen an oswa dakò, ou kapab - responsab pou peman sèvis sa yo.
- **Sant Hope PACE** - Ou pral resevwa pi fò nan sèvis swen sante ou nan Sant Hope PACE nou an, yon sant ak plizyè sèvis ki ba ou swen sante, aktivite, bonjan manje, ak opòtinite pou rankontre ak moun epi fè nouvo zanmi.
- **Doktè ak Lòt Manm Ekip** - Doktè Hope PACE ou ak lòt manm Ekip la ki pral ba ou swen..
- **Kote ak Kantite Jou ki Apwopriye Pou Swen ou** - Nou te devlope Hope PACE pou bay swen kote li nesèsè. Sa vle di yo pasyan an pral rete nan lopital kantite jou ki apwopriye jan sa nesèsè. Ekip Swen Entèdisiplinè ou ap deside fason k kote ki pi bon pou pran swen ou apre yo pale avèk ou ak fanmi ou. Ekip la ap deside tou ki kalite swen ou resevwa lakay ou, ak kisa Hope PACE pral peye pou yo.
- **Règ "Angajman"** - Sa vle di yon fwa ou se yon patisipan Hope PACE, ou sipoze resevwa sèvis swen sante ou yo atravè Hope PACE. Manm Ekip Swen Entèdisiplinè ou a pral apwouve sèvis sa yo.
- **Peman Espesyal** - Si ou kalifye pou Medicare ak / oswa Medicaid, Hope PACE ranplase pwogram estanda Medicare ak / oswa Medicaid la. Sèl peman Medicare ak / oswa Medicaid pral fè pou swen ou bezwen yon peman chak mwa bay Hope PACE. Hope PACE pral ba ou tout swen ou bezwen. Ou pral resevwa tout sèvis ou konn resevwa nòmalman nan Medicare ak Medicaid epi ou kapab resevwa plis sèvis toujou.
- **Konsantman pou Prim/ Responsablite Patisipan** - Si ou kalifye pou Medicare epi ou pa kalifye pou Medicaid, yo pral mande pou ou peye menm montan ki egal la peman Hope PACE resevwa nan men Medicaid chak mwa plis yon prim pou sèvis famasi Medicare Pati D.
- **Si w vin kalifye pou Medicare APRE ou enskri nan PACE** - Ou dwe gen tout pwoteksyon Medicare (Pati A ak / oswa B, epi Pati D) atravè Hope PACE.

## 6. Pou Jwenn Aksè Nan Sèvis yo

Gen kat (4) etap pou enskri nan Hope PACE. Kou ou fini ak tout kat (4) etap yo epi ou enskri ofisyèlman nan Hope PACE, ou pral kòmanse resevwa sèvis yo. Kat (4) etap yo se:

1. Admisyon
2. Evalyasyon
3. Enskripsyon
4. Otorizasyon Final

**1. Admisyon** - Admisyon anjeneral kòmanse lè ou menm oswa yon fanmi ou, oswa menm yon moun nan yon ajans, rele Hope PACE pale sou bezwen ou yo. Koutfil sa a di nou ou ta ka ki kalifye pou ou yon patisipan Hope PACE. Lè sa a nou pral pran yon randevou kontre ak ou fas-a-fas. Nou pral gade nan bezwen medikal ou epi deside fason ki pi bon pou pran swen ou ak ki kote ou ta dwe jwenn swen sa a. Pandan randevou sa a, ou pral aprann:

- Ki kondisyon ki genyen pou kalifye pou enskri nan Hope PACE
- Ki sa ki nan Kontra Enskripsyon Hope PACE la
- Ki jan pwogram Hope PACE lan travay, kalite sèvis nou ofri ak reponn nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan nou
- Si ou enskri, ou dwe dakò pou resevwa tout swen sante ou nan Hope PACE
- Konbyen pri chak mwa ou - si genyen- yo pral ye

Aprè randevou sa a, si w enterese nan vin tounen yon patisipan Hope PACE, yon manm nan Ekip Swen Entèdisiplinè a pral diskite swen sante ou bezwen ak lòt manm Ekip epi pwograme yon seri randevou pou ou nan Sant Hope PACE la. Jeneralman sa vle di ou pral ale nan Sant lan pou yon jou konsa pou ou ka vin konnen nou ak pou nou ka vin konnen ou ak pou aprann swen sante ou bezwen ou menm. Epi tou nou pral mande w pou siyen yon papyè ki pral ban nou pèmisyon pou jwenn tout dosye medikal ou nan men doktè ou konn al wè yo ak pou nou ka gen yon ide konplè sou eta sante ou.

**2. Evalyasyon** - Apre chak manm Ekip la fin li dosye medikal ou, Ekip Swen Entèdisiplinè a ap rankontre pou pale sou ki kalite swen ou bezwen. Nan reyinyon sa a, yo pral devlope yon plan swen ki jis pou ou, ak deside si plan swen nou rekòmande a ka ede w ap viv san danje nan kominote a.

**3. Enskripsyon** (Konferans ak Fanmi avèk Otorizasyon Preliminè) - Yon manm Ekip Swen Entèdisiplinè a ap rankontre avèk ou pou pale sou enskripsyon ou nan Hope PACE. Li enpòtan pou ou pote kontra enskripsyon sa a avèk ou nan konferans la. Si ou vle ou ka fè fanmi ou oswa yon moun ou pwòch ak li vini nan reyinyon sa a ak ou epi ou yo pral kapab pale sou:

- Plan swen Ekip Swen Entèdisiplinè a santi ou bezwen ak ki jan fanmi ou pral patisipe ladan
- Depans ou chak mwa, si genyen
- Règ “Angajman” nou an: Lè ou se yon patisipan Hope PACE, ou pral resevwa swen nan men Ekip ou a. Ekip Swen entèdisiplinè sa a ap fè tout sa li kapab pou kenbe ou an sante ak aktif mezi li posib. Sa vle di yon fwa ou se yon patisipan Hope PACE, ou dwe resevwa sèvis swen sante ou yo sèlman atravè Hope PACE. Manm nan Ekip Swen Entèdisiplinè ou a pral otorize sèvis sa yo. Si ou kalifye pou Medicare ak / oswa Medicaid, Hope PACE ranplase pwogram estanda Medicare ak / oswa Medicaid la. Sèl peman Medicare ak / oswa Medicaid fè chak mwa se bay Hope PACE. Yo pa pral peye lòt plan, paske ou ka sèlman enskri nan yon pwogram Medicare oswa Medicaid alafwa.
- Ki sa pou ou fè si ou pa kontan ak swen nan ou jwenn nan Hope PACE

Si ou deside vin yon patisipan nan Hope PACE, n ap mande w siyen fèy siyati Kontra Enskripsyon an. Apre ou fin siyen li, ou pral resevwa:

- Kat Hope PACE**- ki idantifye ou kòm yon patisipan nan pwogram Hope PACE lan
- Kolan pou Ijans** - yon papye kolan long ak gwo koulè ou bezwen mete sou telefòn ou oswa akote li. Konsa l ap to pre ou lè ou bezwen li. Papye sa a gen nimewo pou ou rele si ou ta gen yon ijans.
- Kolan Medicare** - ti papye kolan ki pi piti sou do Kat Medicare ou a. Kat Medicare ou a se ti kat ki gen Social Security (Sekirite Sosyal) ekri anwo a epi li an wouj, blan, ak ble. Tanpri mete papye kolan an sou do kat la epi prezante kat sa a nenpòt lè ou resevwa yon sèvis otorize.
- Plan pou Ijans** - fèy detaye ou siyen ki gen enstriksyon sou kisa pou ou fè si ou gen yon ijans.
- Fèy Siyati Kontra Enskripsyon** - kopi ak siyati ou, ou bezwen siyen avan ou kapab resevwa sèvis Hope PACE
- Rekonesans Plan Swen an** - kopi plan Ekip Swen Entèdisiplinè ou a te kreye pou ou, ak siyati ou ladan
- Enfòmasyon Sant Hope PACE** - ki gen ladan orè prezans ou
- Enfòmasyon Ekip Swen Entèdisiplinè**- nou pral mete sa anndan gid ou a, epi mete li ajou regilyèman
- Lis Pwofesyonèl Swen Sante ak Kontra Hope PACE**- nou pral mete sa anndan gid ou a, epi mete li ajou regilyèman
- Deklarasyon Konsènan Konfidansyalite**
- Fòm Konsantman pou Vaksen**
- Sa pou ou Pote nan Sant la** ak lòt enfòmasyon ki kapab itil ou
- Fòm Otorizasyon pou Pibliye Foto**
- Fòm Konsantman pou Prim/ Responsablite Patisipan** - si ou gen nenpòt peman ou bay



**4. Otorizasyon Final-** Paske Hope PACE te pwomèt y ap sèvi sèlman moun ki bezwen swen alontèm yo, biwo lokal Depatman Zafè Moun Aje Florida (Florida Department of Elder Affairs) CARES lokal la dwe dakò sityasyon santeou fè li nesèsè pou w jwenn kalite swen nou ofri yo. Biwo lokal Florida Department of Elder Affairs CARES la pral egzaminen dosye Hope PACE ekri yo pou detèmine si ou kalifye pou swen nou ofri yo. Nan ki ra anpil, yo ka deside ou pa kalifye pou kalite swen Hope PACE ofri yo, epi ou pa pral kapab enskri.

Si sa ta rive, ou kapab konteste desizyon sa nan Eta Florida nan adrès sa a:  
Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi)  
Office of Appeal Hearings  
1317 Winewood Blvd.  
Building 5, Room 255  
Tallahassee, FL 32399-0700

Si ou pa kalifye pou enskri nan Hope PACE, kalifikasyon ou pou Medicare ak / oswa Medicaid pa pral afekte.

#### **Avi Enpòtan**

Si ou kalifye pou Medicare oswa Medicaid, sèvis oswa avantaj ou jwenn apre ou vin yon patisipan nan Hope PACE yo ap posib atravè yon kontra espesyal nou genyen ak Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid [Centers for Medicare and Medicaid Services, [CMS]) nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [United States Department of Health and Human Services] ak Medicaid (Ajans Florida pou Administrasyon Swen Sante [Florida Agency for Healthcare Administration])).

#### **Lè ou vin yon Patisipan, ou dakò pou aksepte avantaj sèlman nan men Hope PACE nan plas avantaj Medicare ak Medicaid regilye ou yo.**

Hope PACE pral bay menm avantaj esansyèl yo tankou Medicare ak Medicaid. Yo pral eksplike ou Kontra Enskripsyon Hope PACE la nèt. Ou menm ak moun k ap ba ou swen an ta dwe li li ak anpil atansyon avan ou siyen fèy siyati Kontra Enskripsyon an. Mande manm pèsònèl Hope PACE la kesyon pou asire w ou konprann tout bagay sou Kontra Enskripsyon an.

Si ou enskri nan Hope PACE, ou ka anile enskripsyon ou a si ou chanje lide w. Hope PACE ap travay avèk ou nan pwosesis pou soti nan pwogram nan pi vit posib. Nou mande pou ou bay nou yon avi trant (30) jou alekri si ou pa vle yon patisipan Hope PACE ankò. Depi yo poko fini ak demach pou retire ou nan plan an, ou dwe kontinye itilize sèvis Hope PACE yo. Sa a bay Ekip Swen entèdisiplinè ou an tan pou travay avèk ou ak fanmi ou pou planifye bezwen ou pou swen sante pi devan. Epi tou li bay Hope PACE ase tan pou avèti Medicare ak Medicaid desizyon ou pou soti nan pwogram nan.

## 7. Enstriksyon Davans ak Manda

Li enpòtan pou Hope PACE ak Ekip Swen Entèdisiplinè ou a konprann ki jan ou vle resevwa swen sante ou. Kapab gen yon lòt ote ou twò malad pou pale ak Ekip Swen Entèdisiplinè Hope PACE la, fanmi ou, oswa moun k ap ba ou swen yo. Se yon règleman nan Hope PACE pou diskite avèk ou ak fanmi ou avan ou vin twò malad pou konnen ki kalite swen ou vle resevwa.

Nou pral kenbe yon kopi ekri ak siyen ki di swen ou le resevwa nan men Hope PACE. Kèlkeswa sa ou deside, nou pral ba ou swen ou vle a. Men kijan pou ou ede Hope PACE konprann ak onore volonte ou.

- Ou ka bay enstriksyon alekri. Se a rele yon “enstriksyon swen sante davan” oswa “testaman lavi.”
- Ou ka mande yon lòt moun deside swen ou pou ou. Nenpòt demann dwe fèt alekri. Se a rele yon “manda pou swen sante, reprezantan pou swen sante, oswa mandatè.”
- Yon Lòd pou pa Reyanime (DNR) se yon lòd doktè a ki idantifye moun ki te chwazi davans pou yo pa reyanime yo si yo gen arè respiratwa oswa kadyak. Ou menm oswa reprezantan legal ou, ak doktè ou dwe siyen fòm nan. Fòm sa a disponib nan Depatman Sante Florida a ansanm ak kay doktè oswa avoka yo.

## 8. Avantaj ak Pwoteksyon

### A. *Dat Enskripsyon an Anvigè*

Enskripsyon ou ap anvigè nan premye jou mwa a, apre dat nou resevwa kontra enskripsyon siyen ou a. Dat an vigè enskripsyon ou a ap sou kontra enskripsyon ou a.

Sant Hope PACE ou a se:

- 3280 Tamiami Trail, Ste. 45-47  
Port Charlotte, FL 33952
- 13020 Livingston Road  
Naples, Florida 34109
- 2668 Winkler Avenue,  
Fort Myers, Florida 33901
- 1201 Wings Way  
Lehigh Acres, Florida 33936
- 1333 Santa Barbara Blvd, Bldg A  
Cape Coral, FL 33991

Ou pral nan randevou Sant Hope PACE la nan dat \_\_\_\_\_.

Chofè ou pral vin chèche ou apeprè \_\_\_\_\_.

*Pandan nou konte rive a lè, nou pral fè tout posib nou pou mete ou okouran si nou pral rive anreta.*

Chofè ou pral mennen ou lakay ou nan apeprè \_\_\_\_\_.

***B. Fèy Siyati Kontra Enskripsyon***

Non Aplikan an : \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_ Sèks: \_\_\_\_\_

Adrès Pèmanan: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Adrès Postal (si li pa menm ak Adrès Pèmanan an): \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Sitiyasyon Kòm Benefisyè Medicare: Pati A \_\_\_ Pati B \_\_\_ Tou de \_\_\_ Okenn \_\_\_

Nimewo Medicare : \_\_\_\_\_

Sitiyasyon Kòm Benefisyè Medicaid: \_\_\_\_\_

Nimewo Medicaid: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon sou Lòt Asirans Sante (si genyen): \_\_\_\_\_

Premye Lang: \_\_\_\_\_ Dezyèm Lang: \_\_\_\_\_

DAPRE TOUT SA KI EKRI LA A, Mwen menm, \_\_\_\_\_ dakò pou enskri nan sèvis Hope PACE yo. Mwen te resevwa yon kopi Kontra Enskripsyon manm nan ak pale ak yon manm pèsònèl Hope PACE sou avantaj enskripsyon mwen yo. Mwen konprann yon fwa mwen enskri nan Hope PACE, men sipoze resevwa tout avantaj swen sante mwen yo nan men Hope PACE. Yon manm pèsònèl Hope PACE te gade enfòmasyon sa yo avèk mwen ak / oswa moun k ap ay mwen swen an.

- Kondisyon kalifikasyon pou patisipasyon nan Hope PACE
- Pwosesis pou enskri nan Hope PACE
- Manda Swen Sante ak Enstriksyon Davans
- Dat Enskripsyon an Vigè, ak yon egzanp Lis Verifikasyon Konferans Enskripsyon an
- Yon deskripsyon ki kalite avantaj ak pwoteksyon mwen jwenn ak Hope PACE
- Enfòmasyon sou Hope PACE, ki gen ladan lè yo louvri, ak sa pou mwen fè lè gen move tan
- Enfòmasyon sou Ekip Swen Entèdisiplinè a ki pral pran swen mwen an
- Lis Pwofesyonèl Swen Sante sou Kontra ak Anplwaye Hope PACE
- Finansman, enfòmasyon sou peman chak mwa, ki gen ladan ki sa mwen ka gen pou peye, si mwen gen pou peye. Mwen konprann ki Hope PACE pa pral peye pou yo.
- Enfòmasyon sou sant swen alontèm, ak ki jan yo kapab itilize yo pou swen mwen
- Pwoteksyon pou ljan ak Swen ljan
- Enfòmasyon sou sa yo ta dwe fè si mwen blese nan yon aksidan
- Yon kopi Dwa Patisipan - Deklarasyon Dwa
- Responsablite mwen kòm yon Patisipan Hope PACE ak responsablite moun k ap bay mwen swen yo
- Enfòmasyon sou Konsèy Patisipan ak Konsèy Konsiltatif Konsomatè a
- Enfòmasyon sou pwosesis Plent Hope PACE la
- Enfòmasyon sou pwosesis Kontestasyon Hope PACE la
- Enfòmasyon sou pwosesis Kontestasyon Medicaid ak Medicare a
- Enfòmasyon sou fen avantaj Hope PACE mwen
- Enfòmasyon sou fason pou re-aplike pou Hope PACE
- Deklarasyon Konsènan Konfidansyalite
- Definisyon mo yo ki nan tiliv kontra a
- Tanpri note ou pa ka soti nan Hope PACE nan yon biwo Sekirite Sosyal

Yo te pèmèt mwen poze kesyon epi yo te reponn kesyon mwen yo. Mwen konprann pwogram Hope PACE la epi mwen ta renmen vin yon patisipan. Mwen konprann enskripsyon nan Hope PACE sa a pral lakòz nan enskri otomatikman nan okenn lòt plan pre-peye Medicare oswa Medicaid. Mwen konprann tou si mwen enskri nan nenpòt ki lòt plan prepeye Medicare oswa Medicaid oswa avantaj apre mwen enskri nan Hope PACE, yo kapab retire mwen nan Hope PACE.

Mwen konprann si mwen demenaje oswa kite zòn sèvis lan pandan lontan, mwen dwe mete Hope PACE okouran.

Mwen dakò pou mwen aksepte sèvis sante mwen atravè Hope PACE olye lòt pwogram Medicare ak / oswa Medicaid patwone epi dat enskripsyon mwen ap an vigè se: \_\_\_\_\_

Mwen konprann men bay otorizasyon pou pataje enfòmasyon pèsònèl mwen ant Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) ak ajan li yo ak Ajans florida pou Administrasyon Swen Sante (Florida Agency for Health Care Administration, AHCA), Depatman Zafè Moun Aje Florida (Florida Department of Elder Affairs, DOEA), ak Hope PACE.

\_\_\_\_\_  
Non Patisipan                      Siyati Patisipan oswa Reprizantan Otorize                      Dat

\_\_\_\_\_  
Non Temwen                      Siyati Temwen                      Dat

\* Si se pa patisipan oswa yon fanmi li ki siyen, n ap bezwen ajoute dokimantasyon ki apwopriye selon lwa Florida ak regleman ak pwosedi Hope PACE yo.

### C. Deskripsyon Jeneral Avantaj ak Pwoteksyon

Hope PACE ofri divès kalite swen. Kòm yon patisipan nan pwogram nan, ou pral resevwa tout sèvis sante nesèsè Ekip Entèdisiplinè (Interdisciplinary Team, IDT) otorize atravè Hope PACE. W ap resevwa pifò swen nan Sant Hope PACE lan. Ekip Swen entèdisiplinè ou konnen tout kalite sèvis yo ofri epi yo pral deside avèk ou sou sa ki pi bon pou bezwen ou yo. Sèvis nesèsè IDT ou kapab otorize pou ou gen ladan yo:

#### Sèvis Sante pou Pasyan ki pa Entènè

1. Swen Sante Lajounen pou Granmoun
2. Sèvis doktè, klinik ak espesyalis, ki ka gen ladan enfimye pratik avanse.  
Patisipan ki fanm yo gen dwa a chwazi yon espesyalis ki kalifye pou sèvis sante fanm nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo Hope PACE la pou bay swen woutin ak pevantif. Sèvis espesyalite yo ka gen ladan:  
*Anestezyoloji, Odyològ, Sèvis Sante Konpòtman / Sante Mantal ak sèvis pou abi dwòg/alkòl ki gen ladan sèvis reyabilitasyon sikyatrik kominote, Kadyoloji, Dèmatoloji, Gastro-antewoloji, Jinekoloji, Medsin Entèn, Nefwoloji, Newo-chiriji, Onkoloji, Oftalmoloji, Operasyon Oral, Operasyon Òtopedik, Òtorinolarenkoloji (zòrèy, nen ak gòj), Operasyon Estetik, Maladi Poumon, Radyoloji, Rematoloji, Operasyon Jeneral ak Operasyon Anbilatwa, Operasyon Torasik ak Vaskilè, Iwoloji*
3. Swen enfimye
4. Sèvis Sosyal Medikal
5. Terapi Fizik, Okipasyonèl, ak Langaj
6. Podyatri (swen pye)
7. Èd pou ou ak fanmi ou sou kòman pou chwazi ak kwit manje ki bon pou sante
8. Tès laboratwa, radyografi ak lòt tès pou chèche konnen ki pwoblèm sante ou genyen
9. Medikaman preskri. Ou dwe resevwa sa yo atravè Hope PACE
10. Manm kò atifisyèl ak ekipman medikal dirab (tankou kabann lopital, chèz woulant ak kad pou mache)
11. Swen zye, ki gen ladan egzamen, tretman ak bagay pou ede w wè pi byen, tankou linèt
12. Swen sikyatrik ki gen ladan evalyasyon, konsiltasyon, dyagnostik ak tretman
13. Sèvis pou Zòrèy, ki gen ladan evalyasyon, aparèy pou tande, reparasyon ak antretyen

### **Swen Lopital pou Pasyan ki Entèn**

1. Chanm semi prive ak manje
2. Sèvi Medikal Jeneral ak Enfimyè
3. Inite Medikal / Chirijikal, Swen Entansif, Swen Kowonè, jan sa nesèsè
4. Tès laboratwa, radyografi ak lòt tès pou chèche konnen ki pwoblèm sante ou genyen
5. Medikaman preskri Ekip Swen Entèdisiplinè a te apwouve
6. Ba ou san oswa kèk nan diferan pati san
7. Swen chirijikal ki gen ladan itilize medikaman fè ou dòmi pandan operasyon
8. Sèvi ak oksijèn
9. Terapi Fizik, Lapawòl, Okipasyonèl ak Respiratwa
10. Sèvis Sosyal Medikal
11. Swen nan Sal Dijans
12. Anbilans
13. Sèvis Chanm Tretman

Sa pa fè pati frè pou swen lopital nan chanm prive ak enfimye prive, sòf si Ekip Swen entèdisiplinè ou a santi li nesèsè pou eta sante ou. Atik ki pa medikal tankou frè telefòn pa garanti amwenske Ekip la te otorize li.

### **Etablisman Swen Alontèm**

1. Chanm semi prive ak manje
2. Sèvis doktè ak enfimyè
3. Asistans pou ede ak aktivite kotidyen tankou benyen ak abiye
4. Swen ak asistans pèsònèl
5. Medikaman preskri
6. Terapi Fizik, Lapawòl, ak Okipasyonèl
7. Sèvis Sosyal Medikal
8. Atik ak ekipman medikal

### **Swen Sante Lakay**

1. Sèvis Enfimye Kalifye
2. Randevou kay doktè
3. Terapi Fizik, Lapawòl, ak / oswa okipasyonèl
4. Sèvis Sosyal Medikal
5. Sèvis Swen Pèsònèl
6. Sèvis Swen Kay / Travay
7. Livrezon manje adomisil ak rejim alimantè espesyal
8. Swen pou larelèv

## **Swen Fen Lavi**

Swen Fen Lavi gen ladan swen nan lopital, nan yon mezon retrèt, nan Sant Hope PACE lan, nan kay, yon etablisman ospis oswa atravè sèvis pou pasyan ki pa entène.

## **Sèvis ki gen Rapò ak Sante**

Sèvis ki konsène Sante gen ladan transpò, sèvis swen kay / travay, ede w deplase kominote w la, epi ede w nan jere lajan ou ak peye bòdwo ou yo.

## **Swen Pou Dan**

Yo pral ba ou swen pou dan selon bezwen ou yo. Ekip Swen Entèdisiplinè ou pral bay dantis ki pral pran swen dan ak jansiv ou yo. Lè ou fèk enskri nan Hope PACE ou pral jwenn fè yon egzamen dan. Apre sa, yo pral ba w yon egzamen omwen yon fwa nan yon ane. Bagay ki pi enpòtan pou nou se pran swen nenpòt ki dan oswa jansiv ki fè mal oswa enfekte. Nou vle kenbe bouch ou an sante pou ou kapab manje ak bwè san okenn pwoblèm. Sèvis pou dan yo ka gen ladan:

- Sèvis dyagnostik - egzamen ak tès , oswa radyografi, pou wè sa bezwen ou yo ye.
- Sèvis pou prevansyon - netwayay ak enstriksyon sou fason pou kenbe dan ak jansiv ou an sante mezi li posib.
- Restorasyon dan - plonbaj, kouwòn tanporè oswa pèmanan.
- Aparèy pwostetik - fo dan konplè oswa pasyèl.
- Operasyon Nan Bouch- rache dan (ki rele “ekstraksyon”) oswa retire oswa repare tisi jansiv ki mou oswa di.

Anplwaye Hope PACE yo bay tout sèvis premye swen nan Sant Hope PACE la ak nan pwogram sèvis lakay ou. Pafwa, Ekip Swen Entèdisiplinè a santi yon kalite swen espesyal nesèsè pou yon patisipan. Si okenn nan manm Ekip la pa te resevwa fòmasyon pou bay swen sa a, Hope PACE pral fè aranjman espesyal ak lopital ak lòt moun nan kominote a ki te resevwa fòmasyon pou ba ou li.

## **Dezyèm Opinyon Medikal**

Ou ka vle yon opinyon nan men yon pwofesyonèl swen sante swen sante diferan. Nan ka sa yo ou dwe mande Hope PACE pou w jwenn dezyèm opinyon sa a. Si ou fè sa, Hope PACE pral peye pou li.



## ***D. Sant Hope PACE la***

Ou pral resevwa pi fò nan sèvis swen sante ou nan yon anviwònman sante lajounen pou granmoun nan Sant Hope PACE la:

3280 Tamiami Trail, Ste. 45-47  
Port Charlotte, FL 33952

13020 Livingston Road  
Naples, Florida 34109

2668 Winkler Avenue,  
Fort Myers, Florida 33901

1201 Wings Way  
Lehigh Acres, Florida 33936

Lè regilye biwo a louvri se ant 8:00 A.M. ak 05:00 P.M., lendi jiska vandredi. Si w bezwen èd apre lè sa yo, ou ka rele nou. Mete ou alèz pou rele si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Li enpòtan pou ou ale nan Sant Hope PACE la nan jou pwograme ou (yo) chak semèn. Si ou pa kapab ale nan jou pwograme ou a, kontakte nou AVAN 7:00 AM, oswa pi vit posib, konsa chofè ou ak rès ekip swen ou a ap konnen.

Hope PACE fèmen nan jou ferye legal ak relijiye yo. Nou pral fè ou konnen lè nou pral fèmen pou yon jou ferye. Men yon lis nan jou pandan ane a Hope PACE fèmen ak sèvis epi pa gen sèvis nan Sant Hope PACE la:

- Premye Janvye
- Jounen Memoryal
- Jounen Endepandans
- Jounen Travay
- Jounen Aksyondegras (Thanksgiving Day)
- Nwèl

### **Sa pou mwen fè si tan an move?**

Nou pral fèmen pandan move tan tankou lè gen yon siklòn oswa inondasyon. Si lekòl piblik nan konte ou yo fèmen, Sant Hope PACE la ap fèmen tou. Estasyon televizyon ak radyo lokal pral anonse lè lekòl piblik yo fèmen.

Si tan an vin move pandan ou nan Sant Hope PACE lan, nou pral eseye voye tout moun lakay yo bonè. Si nou fèmen bonè, nou pral avize fanmi ak / oswa moun k ap bay swen jan sa nesèsè.

## *E. Ekip Hope PACE la*

Sant Hope PACE la gen pwòp Ekip Swen li ki gen moun sa yo ladan. Yo kapab chwazi moun ki nan Ekip Swen Entèdisiplinè ou a nan konferans enskripsyon an.

- **Manadjè Sant la** a responsab pou operasyon kotidyen nan Sant la.
- **Doktè Premye Swen an** se doktè ki responsab pou sipèvize swen medikal prensipal w ap resevwa.
- **Enfimyè Manm Pèsonèl** yo responsab pou bezwen an jeneral pou swen enfimyè. Yo travay depre ak doktè ak enfimyè pratikan an pou ba ou swen medikal.
- **Teknisyen Enfimyè Sètifye** yo responsab pou aktivite swen pasyan tankou ede ou ak gen bezwen pèsonèl ou.
- **Kowòdonatè Swen Lakay** yo responsab pou kowòdinasyon sèvis yo ofri nan kay, ki gen ladan èd swen pèsonèl ak ekipman.
- **Famasyen an** responsab pou medikaman ou pran.
- **Dyetetisyen** a responsab pou asire manje ak bezwen nitrisyonèl ou satisfè.
- **Travayè Sosyal yo** responsab pou sèvis sipò sosyal. Yo ka ede w jwenn resous sosyal deyò, reponn kesyon sou jesyon lajan ou oswa Medicaid, epi yo se yon resous pou ede ak pwoblèm fanmi ak emosyonèl.
- **Terapis Fizik la** ede ou fè bagay ki kenbe misk ou yo solid. Sa a ede ou deplase kò ou pi byen. Terapis fizik la fè asire ou jwenn nenpòt ekipman, tankou yon chèz woulant oswa yon kad pou mache, adapte bezwen ou yo epi se fasil pou ou pou w deplase tou.
- **Terapis Aktivite ak Amizman yo** se moun ki ankouraje w rankontre ak lòt patisipan yo, montre nou nouvo atizana, jwe jwèt ak mennen ou nan vwayaj. Sa vle di, yo te moun ekstrawòdinè ki panse ak bagay enteresan pou ou fè. Men, ou kapab sijere nouvo ak diferan aktivite ou ta renmen fè tou. Nou vle ou jwi tan an ou pase nan Sant Hope PACE lan.
- **Asistan Terapi Okipasyonèl / Fizik la** ede terapis fizik la nan swen ou.
- **Terapis Okipasyonèl la** ede ou fè egzèsis bra ak men ou pou ou ka fè kèk nan bagay ou renmen yo. Bagay sa yo se tako kapab penyen oswa bwose cheve ou, bay tèt ou manje, oswa ekri non ou.
- **Terapis Lapawòl la** responsab pou ede ou itilize misk yo nan figi ou. Sa ede ou yo manje, pale ak kominike ak lòt moun.

Gwoup moun ki la pou di ou yon bèl bonjou granm maten pou mennen ou nan Sant Hope PACE lan, mennen ou nan randevou ou, mennen ou lakay san danje, ak pwograme tan ou nan kamyonèt la se manm ekip transpò ou a.

- **Manadjè Transpò** a responsab pou jere bezwen yo transpò nan Sant Hope PACE lan. Kowòdonatè Transpò a pwogram tout deplasman ou yo ak wout chofè yo pou w pa bezwen pase twòp tan nan machin nan. Kowòdonatè Transpò a ap fè w konnen tou si chofè ou ap an reta oswa si gen yon pwoblèm.
- **Chofè yo** se moun ki vin chèche ou maten an, epi mennen w lakay ou aswè. Yo ka kondwi nan pwomnad ak lòt patisipan oswa mennen ou nan yon randevou ak yon espesyalis medikal.

## *F. Pwofesyonèl Swen Sante ak Kontra yo*

Hope PACE gen yon patenarya ak lòt pwofesyonèl swen sante lè sa nesèsè pou satisfè bezwen ou yo pi byen. Gen yon feyè ak lis pwofesyonèl swen sante ak kontra yo nan pake konferans enskripsyon / fanmi ou a. Nou voye nouvo lis la ba ou chak ane.

Nou mete lis la ajou chak mwa epi nenpòt chanjman ap parèt nan bilten chak trimès ou a. Ou ka mande yon kopi lis pwofesyonèl swen sante kontra a nenpòt ki lè, men sonje, Ekip Swen Entèdisiplinè ou dwe otorize tout sèvis kontra yo davans.

Yon egzanp moun ki sou lis sa a ka gen ladan espesyalis, tankou doktè je, dantis, ak lòt moun. Nan lis sa a gen lopital, sant asistans pou viv, ak ajans swen lakay, pami plis lòt toujou. Pwofesyonèl swen sante ak kontra Hope PACE itilize yo gen lisans, ki sètifye, ak / oswa kalifye jan sa nesèsè selon komite lisans espesifik yo.

## ***G. Finansman: Enfòmasyon sou Peman Chak Mwa***

Peman ou chak mwa pral depann selon si ou kalifye pou Medicare ak Medicaid. Si ou kalifye pou:

**Medicare ak Medicaid** - pa gen anyen pou peye Hope PACE

### **Medicare Sèlman**

- *Si ou gen Medicare Pati A, epi ou enskri sou Medicare Pati B epi ou pa kalifye pou Medicaid, ou pral peye Hope PACE of \$\_\_\_\_\_ chak mwa apatide \_\_\_\_\_ (dat).*
- *Si ou gen Medicare Pati A, epi ou PA enskri sou Medicare Pati B epi ou pa kalifye pou Medicaid, ou pral peye Hope PACE of \$\_\_\_\_\_ chak mwa apatide \_\_\_\_\_ (dat).*
- *Si ou pa kalifye pou Medicaid, ou pral peye Hope PACE of \$\_\_\_\_\_ chak mwa apatide \_\_\_\_\_ (dat).*
- *Si ou pa kalifye pou Medicare Pati B epi ou pa kalifye pou Medicaid, ou pral peye Hope PACE of \$\_\_\_\_\_ chak mwa apatide \_\_\_\_\_ (dat).*
- *Si ou kalifye sèlman pou Medicare Pati B, w ap toujou gen pou peye bòdwo Medicare bay Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) pou rete kalifye. Si kalifikasyon w pou pwogram Medicare / Medicaid chanje pandan ou se yon Patisipan Hope PACE, frè pou w peye chak mwa a pral chanje. Gade nan montan ki anwo a pou konnen kisa chanjman an pral ye, oswa mande yon reprezantan nan Hope PACE.*
- **Remak:** Montan ki anwo a gen ladan tout medikaman preskripsyon ki garanti anba Medicare Pati D.

Si ou gen yon frè pou peye chak mwa bay Hope PACE, ou dwe peye lajan an premye jou mwa a apre ou fin siyen Kontra Enskripsyon an. Ou dwe peye frè sa a nan premye jou chak mwa. Peman yo kapab fèt pa chèk pèsònèl, chèk postal (money order), oswa lajan kach nan:

Hope PACE  
2668 Winkler Avenue  
Fort Myers, FL 33901

### **Kisa k ap pase si mwen peye an reta?**

Si ou pa peye oswa fè aranjman satisfèzan yo peye bòdwo chak mwa ou avan dizyèm (10<sup>em</sup>) jou nan mwa a, ou pral resevwa yon “Dezyèm Avi” yon bòdwo anreta epi w ap gen yon frè rat ven dola (\$20.00) pou peye. Si ou toujou pa peye oswa fè aranjman satisfèzan pou peye bòdwo ou nan fen a\mwa a, ou pral resevwa yon lèt ki eksplike yo pral retire ou nan Hope PACE san volonte ou si ou pa peye bòdwo ou a, epi pwosesis pou retire ou a pral kòmanse.

*Egzanp: Ou resevwa yon bòdwo pou \$ 100 pou mwa janvye. Delè pou peye a se 10 janvye. Si ou toujou poko peye bòdwo ou 1<sup>ve</sup> fevriye pou swen ou te resevwa nan mwa janvye, y ap kòmanse ak pwosesis pou retire ou nan plan an.*

Hope PACE pral kowòdone pou ou retounen nan sistèm Medicare ak Medicaid frè pou sèvis la si ou kalifye. Hope PACE ap kontinye bay sèvis jiska dat pou w soti nan pwogram nan anvigè. Si y ap retire ou nan plan an, Ekip Swen Entèdisiplinè pral devlope yon plan ou soti pou detèmine bezwen ou pou swen kontini. Hope PACE etabli frè pou peye pa mwa yo yon fwa pa ane epi li gen dwa pou chanje frè li yo ak yon avi trant (30) jou.

### **H. Finansman: Ekslizyon ak Limitasyon**

Anplwaye nan Hope PACE yo pwomèt pou ba ou pi bon swen posib, men gen kèk bagay yo p ap ka fè pou ou. Men yon lis bagay nou pa ka peye pou yo:

- Nenpòt sèvis Ekip Swen entèdisiplinè ou a pa otorize, menm si li nan lis la kòm yon sèvis Hope PACE, sòf si li se yon sèvis ijans.
- Operasyon kosmetik sòf si li nesèsè pou ede w nan lavi chak jou ou, oswa si li se nesèsè pou repare nenpòt pati nan kò ou ki te seryezman blese nan yon aksidan oswa pou rekonstriksyon apre yon mastektomi.
- Pwosedi eksperimental medikal, chiriji, oswa lòt pwosedi / tretman sante. \*
- Nenpòt sèvis yo bay deyò nan Etazini , eksepte jan yo ka pèmèt li sou plan Medicaid oswa Medicare sou otorizasyon eta a. (Etazini gen ladan 50 eta yo, Pòtoriko, Zile Vyèj, Gwam, Sawoma Ameriken, ak Zile Maryana nan Nò yo.)
- Lè w ap entène lopital oswa sant pou pasyan ki entène: chanm prive ak enfimye prive sòf si Ekip Swen entèdisiplinè ou a santi li nesèsè pou eta sante ou. Epi tou, sa ki pa ladan se pwodwi ki pa medikal pou rann lavi ou pi fasil, tankou frè telefòn, lokasyon radyo oswa televizyon amwenske Ekip la te otorize li espesyalman kòm yon pati plan swen an.

\* Hope PACE konprann kapab gen yon tretman medikal oswa swen sante oswa sèvis ki ka itil nan anpeche oswa korije yon pwoblèm sante epi yo gendwa pa garanti li nan pwogram sa a. Si sèvis oswa tretman sa a pa garanti nan Hope PACE, Ekip Swen Entèdisiplinè ou yo ap gade ki lòt bagay yo ka fè epi fè ou konnen chwa ki disponib ou yo.

## *I. Etablisman Swen Alontèm*

Si ou kalifye pou Medicaid epi nenpòt ki lè Ekip Entèdisiplinè ou deside avèk ou ak fanmi w ou pa ka resevwa swen lakay ou ankò, yo kapab mete ou nan yon lòt etablisman swen sante. Sa a kapab pou yon ti tan, oswa si sa nesèsè, li kapab yon plasman pèmanan.

Si yo plase ou nan etablisman swen alontèm nan nèt, Hope PACE egzije pou ou peye lajan ou t ap resevwa lè ou te lakay ou a dirèkteman bay sant la pou chanm ou ak manje. Hope PACE ap kontinye bay tout swen medikal ou ak sipèvize tout bezwen ou yo. Doktè PACE yo ap kontinye ba ou tout swen.

Sèl lè sa kapab diferan se lè ou gen yon mari, madanm, oswa pitit majè ki andikape ki pral kontinye viv lakay ou pandan w ap viv nan etablisman swen alontèm nan. Si sa a se vre, ou ka anmezi pou kontinye kenbe lajan an.

Kòm yon pati nan pwosesis pou mete ou nan yon etablisman swen alontèm, Hope PACE pral kontakte Medicaid pou, ou pral oblije peye Hope PACE. Si ou pa peye kantite lajan ki Medicaid detèmine ou dwe Hope PACE, ou ta ka afekte kalifikasyon ou pou Medicaid ak soti nan Hope PACE. Règ sa yo se pou tout moun ki resevwa asistans Medicaid ak yo mete yo nan yon etablisman swen alontèm. Pou ou kontinye kòm yon patisipan Hope PACE, ou dwe respekte règ yo.

## 9. Ijans ak Swen Ijan

Hope PACE bay plizyè kalite sèvis vennkat (24) èdtan nan yon jounen, sèt (7) jou nan yon semèn, twa san swasant-senk (365) jou nan yon ane. Lè ou enskri nan Hope PACE, ou pral resevwa yon fèy papyè enstriksyon pou mete bò telefòn ou. Fèy sa a pral idantifye klèman ki sa yon ijans ye pou ou.

**Si ou santi eta sante ou mande pou atansyon touswit, tanpri rele 911. Tanpri avize Hope PACE pi vit posib si ou itilize sèvis ijans 911.**

N ap garanti Sèvis ki Nesesè Ijan ou resevwa lè:

- a) pou yon ti tan absan nan zòn sèvis Hope PACE la, oswa, nan kèk sikonstans, yo bay yon patisipan ki nan zòn nan sèvis men pa gen ni Hope PACE ni yon pwofesyonèl swen sante ak kontra Hope PACE disponib oswa aksesib. Epi,
- b) lè sèvis sa yo nesèsè epi patisipan an bezwen yo byen vit paske gen sentòm yon maladi, chòk, oswa kondisyon yo pa te prevwa kote nenpòt ki moun nan t ap kwè moun nan bezwen atansyon san pèdi tan.

Yo bay otorizasyon pou sèvis swen ijan nan inèdtan apre Hope PACE okouran. Si nou pa aji apre inèdtan, w ap jwenn otorizasyon otomatikman.

Si ou santi ou bezwen sèvis swen sante byen vit, men li se pa yon ijans, Hope PACE ap fè aranjman pou sèvis ki nesèsè pou ijans yo.

Si ou rele lè nòmal biwo nou louvri (8:00 am jiska 5:00 pm) Sèvis Repons Hope PACE pral imedyatman rele youn nan doktè li yo ki pral di w ki sa pou ou fè ak ede ou jwenn swen ou bezwen an. Yon doktè disponib 24 èdtan pa jou.

Hope PACE Sou Demann:

(239) 985-6400, apèl gratis (866) 659-7223 oswa  
moun ki mal pou tande (800) 995-8771

Si ou bezwen yo mennen ou nan lopital la, doktè a pral rele sèvis anbilans pi pre ou pou voye yon anbilans vin chèche ou.

Yon Kondisyon Medikal Ijan se yon kondisyon medikal kote ou gen gwo sentòm (tankou gwo doulè) kote nenpòt ki moun ki pridan, ki gen yon ti konesans sou lasante, ap gen rezon pou panse si moun sa a pa al kay doktè touswit, sa kapab lakòz:

- Gwo danje nan sante ou;
- Gwo dega nan fason kò ou fonksyone; oswa
- Fè yon ògàn oswa pati nan kò ou fonksyone mal anpil.

Egzanp ijans gen ladan pwoblèm pou respire, doulè nan pwatrin, oswa w ap senyen epi li difisil pou sispann. Akòz ijans lan, ou ka bezwen jwenn swen kote ki pi pre a epi pi rapid posib. Sa ka vle lòt kote ki pa Hope PACE oswa pwofesyonèl swen sante ak kontra li yo ladan tou. Ou pa pral bezwen peye pou okenn sèvis ki nesèsè pou trete ijans menm si sèvis ou resevwa yo pa fè pati zòn sèvis la epi / oswa se yon kote ki pa Hope PACE oswa pwofesyonèl swen sante ak kontra li yo.

Pou konnen si pwoblèm ou a bezwen swen ijan, poze tèt ou kesyon sa yo.:

- Èske èd tou swit pou yon chòk oswa maladi ki vini toudenkou?
- Èske tan ki nesèsè yo rive jwenn anplwaye Hope PACE vle di mwen te kapab riske domaj pèmanan nan sante mwen ? Èske sa kapab lakòz mwen mouri?

Si ou kwè pwoblèm ou se yon kesyon lavi oswa lanmò, epi ou bezwen asistans pi vit, tanpri rele 911.

Tanpri reponn tout kesyon yo byen nan mezi ou kapab. Fè egzaktman sa operatè a di ou. Si pwoblèm ou a se yon ijans, yo kapab mennen ou nan Saldijans yon lopital ki pi pre ou. **Yon lòt fwa ankò, di Hope PACE pi vit posib si ou itilize sèvis ijans 911.**

Si ou lwen kay ou epi ou pa nan zòn sèvis nou an, Hope PACE pral garanti ijans ou oswa swen ijan nesèsè. Si ou te ba yo swen medikal pou ijans pandan y ap ou te pase yon ti tan lwen zòn nan sèvis, ou dwe di yon moun nan Hope PACE pi vit ke posib. Ou dwe bay enfòmasyon sou ijans lan ak swen an ou resevwa yo.

Si ou nan yon lopital oswa ou toujou ap resevwa swen, nou gen dwa pou fè aranjman pou ou voye ou nan yon lòt lopital nan rezo nou an si sante ou pa pral toutbon. Nou pral chanje doktè ou a yon doktè Hope PACE.

Si ou nan yon lopital epi ou lwen lakay ou, ou dwe di Hope PACE nan yon (1) jou konplè, oswa vennkat (24) èdtan, oswa le pli vit ke kondisyon medikal ou vin pi bon epi ou yo kapab di nou.

Si ou te peye pou sèvis la ijan oswa ijans medikal ou te resevwa lè ou pa t kapab jwenn swen nan men yon moun nan Hope PACE, ou ta dwe mande pou yon resi soti nan lopital la oswa doktè ki trete ou. Resi a sipoze montre:

- Non doktè a
- Pwoblèm sante ou
- Tretman ou te resevwa
- Dat tretman an ak lè ou kapab kite
- Konbyen ou te sipoze peye pou sèvis la



Y ap ranbouse ou si ou voye resi a bay:  
Hope PACE, Attention: Center Manager  
2668 Winkler Avenue  
Fort Myers, FL 33901

Sepandan, si ou resevwa nenpòt swen medikal deyò Etazini yo, Hope PACE pa pral peye pou li.

## **10. Chòk pa Aksidan**

Si w blese akòz aksyon yon lòt moun, tankou nan yon aksidan machin, epi ou blese oswa ou bezwen plis swen medikal, Hope PACE pral ba ou plis swen.

Sepandan, si ou rekipere nenpòt lajan nan men moun ki te blese ou a, oswa yon moun peye nan non moun sa a, tankou yon konpayi asirans, Hope PACE gen yon reklamasyon sou ki rekiperasyon kantite lajan nan depans ki te fè pou ba ou plis swen medikal paske ou te blese. Se menm kalite règ ak règleman sa yo ki t ap genyen anba Medicare ak / oswa sèvis Medicaid regilye ou si ou kalifye.

Sonje byen, ou dwe notifiye Hope PACE si ou fè yon aksidan.

## 11. Dwa Patisipan yo

Lè ou rantre nan pwogram Hope PACE la, ou gen kèk dwa ak pwoteksyon. Hope PACE dwe eksplike tout dwa ou yo ba ou menm oswa moun ki reprezante ou nan yon fason w ap ka konprann lè ou enskri a.

1. Ou gen dwa pou yo toujou trete ou ak diyite ak respè, pou yo kenbe tout swen ou resevwa prive, ak pou resevwa swen an ak konpasyon avèk konsiderasyon. Ou gen dwa tou pou:
  - Resevwa tout swen ou yo nan yon anviwònman ki pwòp ak an sekirite.
  - Pou yo pa abize ou. Sa a gen ladan abi fizik oswa mantal, neglijan, pinisyon fizik, mete ou yon kote poukont ou san volonte ou, ak nenpòt kontrent fizik oswa chimik manm pèsònèl la itilize sou ou pou disiplin oswa pou rann li pi fasil pou yo epi ou pa bezwen li pou trete sentòm medikal ou yo.
  - Pou yo kapab ankouraje itilize dwa ou nan pwogram Hope PACE la.
  - Pou jwenn èd, si w bezwen sa, pou itilize pwosesis plent ak kontestasyon Medicare ak Medicaid la, ak dwa sivik ak lòt dwa jiridik ou genyen.
  - Pou yo kapab ankouraje ak ede ou pale ak manm pèsònèl HOPE PACE la konsènan chanjman nan règleman ak sèvis ou panse yo dwe fè.
  - Pou itilize yon telefòn pandan ou nan Sant Hope PACE la pou konvèsasyon prive ak moun ki rete nan zòn lokal la.
  - Pou ou pa oblije travay oswa bay sèvis pou pwogram Hope PACE la.
2. Ou genyen yon dwa pou yo pwoteje ou kont diskriminasyon. Diskriminasyon se yon zak ilegal. Chak konpayi oswa ajans ki travay ak Medicare ak Medicaid dwe obeye lwa a. Yo pa ka fè diskriminasyon kont ou paske akòz: ras / orijin etnik, relijyon, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, kapasite mantal oswa fizik, oswa sous peman pou swen sante ou (pa egzanp, Medicare oswa Medicaid).
3. Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki egzat ak fail pou ou konprann, ak pou yon moun ede ou pran desizyon enfòmè konsènan swen ou. Espesyalman, ou gen dwa:
  - Pou ou gen yon moun ede w si ou gen yon baryè lang oswa kominikasyon pou ou kapab konprann tout enfòmasyon yo ba ou.
  - Pou Hope PACE entèprete enfòmasyon an nan lang ou pi pito nan yon fason ki respekte kilti ou, si premye lang ou se pa angle, epi ou pa ka pale angle byen ase pou konprann enfòmasyon yo ba ou yo.
  - Pou jwenn materyèl maketing ak Dwa Patisipan an nan lang angle ak nan nenpòt ki lòt lang anpil moun pale nan kominote ou a. Ou kapab jwenn materyèl yo sou Bay tou, si sa nesesè.

- Pou jwenn yon kopi ekri dwa ou nan Hope PACE. Hope PACE dwe afiche dwa sa yo nan yon kote ki piblik nan Sant Hope PACE la kote ki fasil pou wè y tou.
  - Pou yo kapab byen enfòmè ou, alekri, sou sèvis yo ofri nan Hope PACE. Sa a gen ladan di ou ki sèvis yo bay kontraktè olye anplwaye Hope PACE. Yo dwe ba w enfòmasyon sa a avan ou enskri, lè ou enskri a, ak lè gen yon chanjman nan sèvis yo.
  - Gade nan rezilta evalyasyon ki pi resan Hope PACE ajans federal ak eta yo te fè. Ou gen dwa yo wè ki plan Hope PACE gen pou korije nenpòt pwoblèm yo jwenn nan enspeksyon tou.
4. Ou gen dwa pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante swen sante nan rezo Hope PACE la ak jwenn bon jan kalite swen sante. Fanm yo gen dwa pou jwenn sèvis nan men yon espesyalis swen sante fanm ki kalifye pou sèvis swen sante fanm woutin ak pou prevansyon.
  5. Ou gen dwa pou resevwa sèvis ijans lè ak kote ou bezwen yo san otorizasyon Hope PACE. Yon ijans medikal se lè ou panse sante ou an danje grav - lè chak segonn konte. Ou gendwa te blese grav, pran yon maladi grav, oswa yon maladi ap vin pi mal toudenkou. Ou ka jwenn swen dijans nenpòt kote nan peyi Etazini.
  6. Ou gen dwa pou ou patisipe nan tout desizyon ki gen rapò ak swen sante ou nèt. Si ou pa kapab patisipe nan tout desizyon tretman ou oswa ou vle gen yon moun ou fè konfyans ede w, ou gen dwa pou chwazi moun sa a pou reprezante ou. Espesyalman, ou gen dwa:
    - Pou yo eksplike ou tout opsyon tretman ou nan yon lang ou konprann, pou w konnen eta sante ou nèt ak kijan ou ye, ak pran desizyon sou swen sante ou. Sa a gen ladan dwa pou ou pa resevwa tretman oswa pran medikaman. Si w chwazi pa jwenn tretman, yo dwe di ou kijan sa a pral afekte sante ou.
    - Pou Hope PACE ede w kreye yon enstriksyon davans. Yon enstriksyon davans se yon dokiman ekri ki di ki jan ou vle desizyon medikal yo fèt nan ka ou pa ka pale pou tèt ou. Ou dwe remèt li bay moun ki pral aplike enstriksyon yo ak pran desizyon sou swen sante ou a.
    - Pou patisipe nan devlopman ak aplikasyon plan swen ou. Ou ka mande pou revize plan swen ou an a nenpòt moman. Yo dwe resevwa avi davans, alekri, pou nenpòt ki plan pou mete ou nan yon diferan anviwònman tretman ak rezon y ap deplase ou a.

7. Ou gen dwa pou pale ak pwofesyonèl swen sante yo an prive ak gen enfòmasyon swen sante pèsònèl rete prive selon pwoteksyon lwa Eta ak Federal yo. Ou gen dwa pou gade epi resevwa kopi dosye medikal ou ak pou mande pou fè koreksyon nan dosye yo tou. Y ap mande ou yon konsantman ekri pou pataje nenpòt enfòmasyon ki nan dosye ou epi konsantman ekri sa a pral limite kalite enfòmasyon nou pataje ak ki moun nou bay li.
8. Ou gen dwa pote plent konsènan sèvis ou resevwa oswa sèvis ou bezwen epi ou pa te resevwa, kalite swen ou resevwa, ak nenpòt lòt enkyetid oswa pwoblèm ou gen ak Hope PACE. Ou gen dwa pou yo rezoud enkyetid ak Hope PACE nan yon pwosesis jis epi a tan. Espesyalman, ou gen dwa:
  - Pou gen yon eksplikasyon konplè sou pwosesis la plent.
  - Pou yo ankouraje ou epi ede ou eksplike plen tou yo bay manm pèsònèl Hope PACE la ak yon reprezantan endepandan ou chwazi yon fason lib. Yo pa dwe fè ou mal paske ou te pale ak yon mou sou enkyetid ou. Sa a gen ladan pinisyon, menas, oswa diskriminasyon kont ou.
  - Pou konteste nenpòt desizyon tretman anplwaye Hope PACE oswa kontraktè li yo pran.
9. Si, pou nenpòt ki rezon, ou pa santi Hope PACE se sa ou vle, ou gen dwa pou kite pwogram nan nenpòt ki lè. Hope PACE pral ede w jan sa nesèsè kote li pral kontakte biwo Medicaid lokal la avan ou kite pwogram nan pou wè si avantaj Medicaid ou yo pral chanje.
10. Ou gen dwa pou pote plent pou nenpòt vyolasyon sou Dwa ou oswa si ou panse yo te fè diskriminasyon kont ou. Pou pote plent sa a ou kapab:
  - kontakte nenpòt manm pèsònèl Hope PACE pou ede ou rezoud pwoblèm ou a
  - rele Biwo Dwa Sivik la (Office of Civil Rights) nan nimewo (866) 627-7748
  - rele (800) MEDICARE oswa (800) 633-4227
  - rele Manadjè Pwojè PACE nan Depatman Zafè Moun Aje (Florida Department of Elder Affairs) nan (850) 414-2000

## 12. Responsablite Patisipan ak Moun k ap Bay Swen yo

Sèvis Hope PACE yo depann sou patisipasyon ou menm, patisipan an, ak fanmi ou. Ekip Swen entèdisiplinè ou a ap travay depre ak ou pou garanti bezwen ou pou swen sante satisfè nan pi gran nivo posib. Pou fè sa, patisipan ak moun k ap bay swen yo gen responsablite sa yo:

1. Pou yo patisipe nan planifikasyon swen ou.
2. Pou kolabore ak plan swen yo devlope espesyalman pou ou a.
3. Pou itilize sèlman pwofesyonèl swen sante Hope PACE otorize yo.
4. Pou w pran medikaman ou jan doktè Hope PACE di ou a.
5. Si ou gen yon ijans, pou ou swiv espesifik plan ijans Hope PACE te devlope espesyalman pou ou.
6. Pou itilize lopital Hope PACE chwazi pou tout swen lopital ki pa ijans.
7. Si ou lwen kay ou epi ou gen yon ijans, pou ou mete Hope PACE okouran nan lesplas 24 èdtan oswa kou ou kapab.
8. Si ou ta vle soti nan pwogram Hope PACE la, ou dwe bay yon avi alekri oswa vèbal ki di ou vle kite pwogram nan.
9. Ou dwe peye nenpòt frè chak mwa a tan.
10. Pou avize Hope PACE si yon moun lakòz ou blese, tankou nan yon aksidan machin.
11. Kite Hope PACE konnen pi vit posib, lè ou pa satisfè ak swen oswa sèvis ou resevwa yo.
12. Genyen yon konduit ak konpòtman ki pa mete ou menm, lòt patisipan, oswa manm pèsònèl Hope PACE an danje.
13. Pou avize Hope PACE si ou deplase oswa ou p ap nan zòn sèvis la pandan anpil tan.

Remak: Si patisipan an ak / oswa moun k ap bay li swen yo pa respekte “ Dwa ak Responsablite Patisipan ak Moun k ap Bay Swen yo” Manadjè Sant la ak / oswa Ekip Entèdisiplinè a pral evalye li epi sa kapab yon rezon pou retire pasyan an nan pwogram nan.

## 13. Sipò Konsomatè ak Pledwari

### **Komite Konsèy Patisipan**

Nan Hope PACE, patisipan yo rankontre regilyèman ak yon reprezantan manm pèsònèl la pou ofri sijesyon sou sa yo renmen ak Hope PACE ak sa yo panse ki te ka miyò. Patisipan yo gen dwa pou fè sijesyon bay manm pèsònèl la sou swen yo, Sant Hope PACE lan, ak pwogram nan, epi nou ankouraje yo fè sa nenpòt ki lè.

### **Komite Konsèy Konsomatè**

Fanmi, moun k ap bay swen, ak reprezantan patisipan yo chwazi nan yon komite nominasyon ak prezante devan Komite Administratif Sèvis Ospis ak Kominotè Hope la pou apwobasyon. N ap ba ou yon feyè ak enfòmasyon reprezantan ou nan konferans fanmi pou enskripsyon an. Epi ou ap gen yon lis reprezantan fanmi / moun k ap bay swen nan chak bilten enfòmasyon ansanm ak enstriksyon sou fason pou kontakte yo.

Kòm konsomatè, patisipan yo ak fanmi yo ak moun ka p bay swen yo konnen ki kalite bagay ki ede Hope PACE pi bon pwogram li kapab. Ou se pi gwo sipòtè nou, epi nou depann sou opinyon pou kontinye fè travay nou byen.

Nan reyinyon chak trimès yo, Konsèy la diskite bagay tankou dwa ak responsablite patisipan yo, kalite swen, chanjman nan règleman, kominikasyon ak konsomatè yo, règleman pwogram nan, ak estrikti pwogram nan. Apresa yo prezante rekòmandasyon Komite Konsèy la bay Direktè Pwogram Hope PACE ak Hope Hospice ak Komite Administratif Sèvis Kominotè a. Rekòmandasyon sa yo ede nou sèvi ou pou pi byen ak travay pou ou toujou satisfè.

### **Pwosesis Pou Plent Patisipan an**

Nou vle asire nou tout patisipan Hope PACE yo ap satisfè ak swen yo resevwa yo. Tanpri fè nou konnen touswit si gen yon pwoblèm oswa enkyetid konsènan swen ou oswa si ou santi ou p ap resevwa sèvis ou bezwen yo.

Nou konsidere yon plent kòm nenpòt sa patisipan an, fanmi patisipan an, oswa reprezantan patisipan an fè pou montre li pa satisfè pa satisfè, swa alekri oswa aloral, avèk fason yo bay swen ak kalite swen Hope PACE bay, kit li medikal oswa pa medikal.

Ou gen dwa pou pote yon plent sou nenpòt bagay. Men kèk egzanp:

- Kalite sèvis ou resevwa lakay ou, nan Sant Hope PACE la, oswa nenpòt lè ou entène (nan lopital, mezon retrèt, elatriye).
- Erè ou santi yo te fè
- Konpòtman nenpòt nan pwofesyonèl swen sante ou oswa manm pèsònèl pwogram nan
- Nivo satisfaksyon ak ekipman sant la
- Kalite manje yo bay
- Sèvis transpò

Ou ka depoze yon plent ak nenpòt manm pèsònèl, swa vèbalman oswa alekri, nenpòt ki lè. Ou ka depoze yon plent nan lespas yon ane apre dat sa w ap pote plent sou li a te rive a. Ou kapab bay Manadjè Sant PACE la lèt la fas-a-fas oswa pa lapòs nan adrès sant ou fè pati li a.

3280 Tamiami Trail, Ste. 45-47  
Port Charlotte, FL 33952

13020 Livingston Road  
Naples, Florida 34109

2668 Winkler Avenue,  
Fort Myers, Florida 33901

1201 Wings Way  
Lehigh Acres, Florida 33936

1333 Santa Barbara Blvd, Bldg A  
Cape Coral, FL 33991

Epi tou ou ka kontakte Hope PACE nan telefòn nan nimewo (239) 985-6400, rele gratis nan nimewo (866) 659-7223 oswa moun ki mal pou tande (800) 995-8771.

Si ou depoze yon plent, ou pral kontinye resevwa sèvis menm jan ak anvan ou te depoze plent lan oswa selon pran swen ou ap Resevwa Sèvis. Anplwaye Hope PACE yo pa pral diskite plent ou a ak okenn lòt patisipan oswa okenn lòt moun ki pa fè pati ankèt pou plent ou a.

Yon fwa ou men oswa manm fanmi ou fin depoze yon plent, Hope PACE pral ekri ou pou rekonèt li yo te resevwa plent ou a epi ba ou etap espesifik yo, tankou kantite tan l ap pran pou w jwenn yon repons pou regle plent la.

Se responsablite Manadjè Sant nou an pou mennen yon ankèt, ak jwenn yon solisyon pou plent la pi vit posib, men pa apre 30 jou travay apre dat Hope PACE te resevwa plent la. Ekip Swen Entèdisiplinè a pral diskite plent la ak solisyon pou plent la, epi yo ap voye yon desizyon final ba ou alekri.

Si ou pa satisfè ak desizyon Hope PACE konsènan plent ou a, ou ka mande yo rekonsidere desizyon sa a. Epi tou ou gen dwa, si ou se yon benefisyè Medicaid, pou mande Medicaid yon odyans san patipri nan men odyans Medicaid nan Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) nenpòt lè. Hope PACE pral ede w pou mande yon odyans san patipri Medicaid oswa ou kapab kontakte DCF dirèkteman nan:

Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi)  
Office of Appeal Hearings  
1317 Winewood Blvd.  
Building 5, Room 255  
Tallahassee, FL 32399-0700  
(850) 488-1429

Si ou pa yon benefisyè Medicaid, ou gen dwa prezante plent ou nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante ak Komite Asistans Founisè ak Manm Eta a (Komite). Ou dwe mande pou Komite a fè yon evalyasyon nan lespas yon ane apre ou te resevwa desizyon final Hope PACE la. Hope PACE pral ede w pou konteste plent ou ak Komite a, oswa ou ka kontakte Komite a dirèkteman nan:

Agency for Health Care Administration  
Bureau of Managed Health Care  
Building 1, Room 339  
Tallahassee, FL 32308  
(850) 921-5458

Si ou mande pou Hope PACE rekonsidere desizyon yo, Direktè Pwogram Hope PACE la pral fè tout efò pou rekonsidere plent ou a nan lespas 30 jou. Direktè Pwogram nan pral itilize resous pwogram nan, tankou Eki Entèdisiplinè a, Komite Konsèy Medikal la, Komite Etik la, pou pran desizyon li. N ap ekri pou ou ba ou desizyon Hope PACE lan.

### **Apèsi sou Pwosesis Kontestasyon an**

Si Hope PACE refize demann ou pou yon sèvis, pou peman yon sèvis, oswa si yo retire ou nan pwogram Hope PACE la san volonte ou, ou gen dwa pou depoze yon kontestasyon. Y ap ba ou enfòmasyon alekri sou kòman pou ou depoze yon plent lè w ap enskri a, omwen chak ane apre sa, epi nenpòt lè nou refize ba demann ou pou sèvis oswa peman. Ou menm oswa fanmi ou oswa moun k ap ba w swen an ka mande enfòmasyon sou pwosesis kontestasyon nou an nenpòt ki lè.

Si ou depoze yon kontestasyon, ou pral kontinye resevwa sèvis swen sante menm jan ak anvan ou te depoze kontestasyon la. Sepandan, si kontestasyon an pa nan favè ou, lè sa a w ap responsab pou peman pou sèvis ou t ap konteste pou li a. Anplwaye Hope PACE yo pa pral diskite kontestasyon ou okenn lòt moun ki pa fè pati ankèt pou plent ou a.



Si Hope PACE refize swa yon sèvis ou mande oswa peman pou yon sèvis ou te resevwa, ou ka depoze yon kontestasyon swa vèbalman oswa alekri. Ou menm oswa fanmi ou oswa moun k ap ba w swen kapab depoze yon kontestasyon pa telefòn Sant Hope PACE la ant 8:00 AM ak 5:00 PM, lè ou di ou vle depoze yon plent fas-a-fas nan Sant Hope PACE la, oswa lè ou voye yon lèt nan adrès sa a:

Hope PACE  
Attn: Program Director  
2668 Winkler Avenue  
Fort Myers, FL 33901  
(239) 985-6400, apèl gratis (866) 659-7223 oswa  
moun ki mal pou tande (800) 995-8771

Yon moun endepandan kalifye ki pa nan paspouki epi ki pa te patisipe nan desizyon orijinal epi pi p ap jwenn okenn oswa pèdi okenn avantaj nan desizyon kontestasyon an pral evalye kontestasyon ou a.. Ou menm oswa fanmi ou oswa moun kap ba w swen kapab prezante oswa enfòmasyon ak / oswa prèv pou evalye, swa fas-a-fas oswa alekri ba nou, pou nou kapab konsidere pandan kontestasyon ou a.

Y ap pran yon desizyon sou kontestasyon ou a nan mezi tan kondisyon sante ou mande sa, men pa pi ta pase 30 jou apre nou te resevwa demann ou pou yon kontestasyon.

Si ou kwè vi, sante, oswa kapasite ou pou rejwenn tout fonksyon ou t ap afekte yon fason grav si yo pa ba ou sèvis w ap konteste pou yo a, ou ka mande yon kontestasyon rapid. Moun endepandan an ap evalye ka ou a touswit epi reponn ou nan lespas 72 èdtan. Si nou kapab montre ou nou bezwen plis tan pou evalye ka ou a epi sante ou pa nan danje, nou kapab bezwen jiska 14 jou pou evalye kontestasyon rapid ou a.

### **Desizyon sou Kontestasyon ou a**

Kit se yon kontestasyon estanda oswa yon kontestasyon rapid, si desizyon an nan favè ou, nou pral di ou sa epi fè aranjman pou ou jwenn sèvis oswa peman w ap konteste pou li byen vit jan sante ou mande sa.

### **Kontestasyon Ekstèn**

Si desizyon kontestasyon an pa nan favè ou pou yon sèvis oswa peman pou yon sèvis, ou gen plis dwa pou konteste toujou, ki rele dwa kontestasyon ekstèn. Ou ka depoze yon depann pou yon kontestasyon ekstèn swa vèbalman oswa alekri. Yon kontestasyon ekstèn gen ladan yon nouvo evalyasyon san patipri sou ka ou a swa nan pwogram Medicare oswa Medicaid la. Pwogram Medicare a gen kontra ak òganizasyon pou fè evalyasyon endepandan pou bay evalyasyon ekstèn sou kontestasyon ak òganizasyon PACE yo. Òganizasyon evalyasyon an pa gen anyen pou wè ak Hope PACE.

Pwogram Medicaid la ap fè pwochen nivo kontestasyon an atravè pwosesis odyans san patipri eta a. Jiskaske ou resevwa desizyon final la, ou kapab chwazi pou kontinye

resevwa sèvis sa yo; men, ou ka gen pou peye pou sèvis sa yo si desizyon an pa nan favè ou.

Si ap enskri nan Medicare ansanm ak Medicaid, ou ka chwazi ki pwosesis kontestasyon ou vle swiv. Si ou pa sèten sou ki pwogram ou ta dwe itilize, mande nou. Ou dwe chwazi swa Medicare oswa Medicaid. Kontestasyon Ekstèn nan kapab fè sèlman ak youn oswa yon lòt, (Medicare oswa Medicaid), men pa tou de. Hope PACE ka ede w chwazi ki pwosesis kontestasyon ekstèn pou w pouswiv.

Si w enskri nan Medicare ansanm ak Medicaid oswa Medicare sèlman, ou kapab chwazi konteste ak pwosesis kontestasyon ekstèn Medicare a. N ap voye kontestasyon ou a bay yon komite evalyasyon separe Medicare te deziyen kòm ajans pou evalye kontestasyon ekstèn.

Ajans sa a Medicare te deziyen pou kontestasyon ekstèn nan pral swa kenbe desizyon orijinal nou an oswa chanje desizyon nou an epi deside nan favè ou. Ou pral resevwa yon desizyon nan yon espas trant (30) jou apre ou mande kontestasyon an.

Si desizyon ajans Medicare te deziyen an nan favè ou, nou dwe ba ou sèvis la pi vit posib san sante ou mande sa.

OSWA

Si ou te mande yon peman pou yon sèvis ou te deja resevwa, n ap peye pou sèvis la.

Si desizyon ajans Medicare te deziyen an PA nan favè ou, gen lòt nivo kontestasyon ki ale pi lwen, epi nou pral ede ou pouswiv kontestasyon an pi lwen si ou chwazi fè sa.

Pou evalyasyon Medicaid yo, ou dwe voye kontestasyon an nan lespas 30 jou bay:

Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi)

Office of Appeals Hearings

1317 Winewood Blvd.

Building 5, Room 255

Tallahassee, FL 32399-0700

Telefòn: (850) 488-1429

Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) ap reponn ak yon avi alekri pou ba ou rezilta kontestasyon ou a. Si desizyon DCF la se nan favè ou, Hope PACE pral bay oswa peye pou sèvis w ap konteste pou li a byen vit selon jan sante ou mande sa, men pa pi ta pase 30 jou apre desizyon an.

## 14. Fen Avantaj yo

Yo ka koupe avantaj ou yo nan Hope PACE si ou chwazi abandone enskripsyon ou nan pwogram nan. Si ou deside abandone avantaj sa yo, ou te fè li “ak volonte ou” oswa poukont ou. Si ou vin pa satisfè kondisyon pou enskripsyon yo, ou pral abandone avantaj ou yo “san volonte ou.”

Ou dwe toujou itilize sèvis Hope PACE ak peye frè chak mwa a, si gen okenn, jiskaske ou vin pa yon patisipan nan pwogram nan ankò. N ap bezwen yon preyavi omwen trant (30) jou alekri pou w ka retounen nan pwogram Medicare ak / oswa Medicaid la. Si ou lopital nan dat yo gen plan retire ou nan pwogram nan, avantaj Hope PACE ou yo ap kontinye jiskaske pwochen peryòd pou retire moun nan.

(REMAK: Ou p ap ka ale nan biwo Sekirite Sosyal la pou soti nan pwogram Hope PACE la. Ou dwe di Hope PACE ou vle kite pwogram nan.

### **Kite Hope PACE ak Volonte ou**

Si ou vle kite Hope PACE pou anile avantaj ou yo, ou dwe pale sa ak yon manm Ekip nan Sant Hope PACE la. Ou kapab kite pou nenpòt ki rezon, nenpòt ki lè. Sepandan, tanpri fè nou konnen swa vèbalman oswa alekri. Si ou di nou vèbalman ou vle soti nan pwogram nan, ou dwe siyen yon fòm pou soti ladan. Hope PACE pral retire ou nan pwogram nan pi vit posib, men n ap bezwen tan pou kowòdone swen sante ou deyò Hope PACE ak kote ki ofri sèvis nan kominote a pou w ka kontinye jwenn swen ou bezwen yo.

### **Kite Hope PACE san Volonte ou**

Hope PACE ka ba ou yon avi trant (30) alekri pou koupe avantaj ou yo si:

- Ou soti nan zòn sèvis Hope PACE la pou plis pase trant (30) jou amwenske absans la se akòz sikonstans ou pa ka kontwole epi ou te di nou sa alekri; oswa
- Ou menm ak / oswa fanmi ou / moun kap ba w swen plede pa swiv enstriksyon pou plan swen ou a ak / oswa kondisyon nan kontra enskripsyon ou a epi sa menase sante ak sekirite ou.
- Konpòtman ou menase sante ak sekirite lòt moun; oswa
- Ou pa peye oswa ou eseye jwenn yon fason pou [eye nenpòt ki lajan ou dwe Hope PACE peryòd gras trant (30) jou a; oswa
- Ou pa satisfè kalifikasyon pou swen nan nivo mezon retrèt la ankò; oswa
- Hope PACE pèdi kontra a ak Medicare ak / oswa Medicaid ak / oswa lisans ki fè li posib bay sèvis swen sante a.

Dat anvigè pou tout avantaj yo ap fini a minwi nan dènye jou mwa a apre fen trant (30) jou peryòd preyavi a. Ou dwe itilize sèvis Hope PACE yo jiskaske lè pou ou soti nan pwogram nan ofisyèl.

Ki ou soti nan pwogram nan ak volonte oswa san volonte, Hope PACE pral fè tout efò pou asire ou resevwa swen pou sèvis nan lòt pwogram Medicare ak Medicaid ou kalifye yo. N ap travay avèk ajans Medicare ak Medicaid yo kote nou mete dosye medikal ou disponib pou nouvo pwofesyonèl swen sante ou yo ka jwenn li atan.

Si ou te gen plis pwoteksyon swen sante nan yon asirans Medigap, ou ka kalifye pou enskri ankò nan asirans sa a lè ou soti nan pwogram Hope PACE la. Nou pral ede ou ak pwosesis sa a.

Ou gen dwa pou ale nan yon odyans san patipri nenpòt lè yo refize, redwi, oswa koupe sèvis ou. Hope PACE pa ka retire avantaj ou yo jiskaske Eta a pran desizyon li.

## **15. Dispozisyon Konsènan Renouvèlman**

Si w chwazi kite Hope PACE (ak volonte ou), ou ka retounen si ou re-aplike; sepandan, ou dwe toujou ranpli kondisyon pou kalifye yo. Si ou kite san volonte ou paske ou pa t peye bòdwo chak mwa ou, ou ka jis peye bòdwo a pou re-enskri. Sepandan, ou dwe fè peman sa a avan fen dènye mwa ou kapab jwenn nenpòt sèvis nan men Hope PACE oswa ou kapab bezwen rekòmanse tout pwosesis aplikasyon an nèt. Si ou peye bòdwo ou a tan, pwoteksyon w ap kòmanse nan premye jou pwochen mwa a.

## **16. Deklarasyon Konsènan Konfidansyalite**

Nan Hope PACE, nou pral respekte vi prive ou konsènan sante ou epi nou pral pwoteje enfòmasyon ki idantifye ou ansanm ak kondisyon medikal ou. Nenpòt pwofesyonèl swen sante ki gen kontra ak nou dwe pwoteje ak respekte vi prive ou konsènan enfòmasyon sante ou tou kòm yon pati kontra yo ak nou.

Se sèlman moun ki otorizasyon pou resevwa dosye medikal ou nou pral bay yo. Sa a ap gen ladan pataje enfòmasyon lòd tribinal oswa nenpòt lwa eta oswa federal mande pou pataje.

Paske Hope PACE rekonèt dwa konfidansyalite ou, n ap mande ou menm ak moun k ap ba ou swen yo pou pwoteje vi prive lòt patisipan ak moun k ap bay swen yo tou.

## 17. Definisyon yo

**Hope PACE** - Pwogram Ak Swen Konplè Pou Moun Aje yo opere nan konte Charlotte, Collier ak Lee. Sa a se yon pwogram ki sètifye anba Medicare ak Medicaid pou bay swen sante ak swen ki gen rapò ak sante bay moun pi aje k ap viv nan zòn sèvis la. W ap peye davans pou swen sa a epi yo bay moun ki kalifye pou swen nan mezon retrèt li. Lè ou nou “nou” oswa “pa nou” sa vle di Hope PACE tou.

**Doktè Hope PACE** - vle di yon doktè ki swa ap travay pou Hope PACE oswa ki te siyen yon kontra avèk Hope PACE pou bay sèvis swen medikal.

Avantaj ak Pwoteksyon - vle di sèvis sante ak sèvis ki gen rapò ak sante apre ou siyen Kontra Enskripsyon an. Ou dwe siyen kontra sa a pou w yon patisipan Hope PACE. Sèvis sa yo pran plas swen an ak medikaman ou ta anjeneral jwenn nan Medicare ak / oswa Medicaid. Sa a fèt nan yon aranjman espesyal ant Hope PACE, Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid) ak Medicaid (Ajans Florida pou Administrasyon Swen Sante). Hope PACE ba ou menm avantaj ou t ap resevwa anba Medicare / Medicaid. Pou jwenn nenpòt avantaj nan Hope PACE, ou dwe satisfè kondisyon yo ki nan Kontra Enskripsyon Patisipan an.

**Kalifye pou Swen nan Mezon Retrèt** - Vle di kondisyon sante ou, Ekip Swen Entèdisiplinè Hope PACE la verifye, satisfè règ Eta Florida pou plase ou nan yon mezon retrèt.

**Fèy Siyati Kontra Enskripsyon** - fòm ou dwe siyen avan ou kapab vin yon patisipan Hope PACE. Apre ou fin siyen kontra sa a, ou pral jwenn sèvis Hope PACE jiskaske ou volontèman oswa envolontèman fini enskripsyon ak patisipasyon ou.

**Kondisyon Medikal Ijan** - se yon kondisyon medikal kote ou gen gwo sentòm (tankou gwo doulè) kote nenpòt ki moun ki pridan, ki gen yon ti konesans sou lasante, ap gen rezon pou panse si moun sa a pa al kay doktè touswit, sa kapab lakòz: (1) gwo danje pou sante ou, (2) gwo dega nan fason kò ou fonksyone, oswa (3) fè yon ògàn oswa pati nan kò ou fonksyone mal anpil. Egzanp ijans gen ladan pwoblèm pou respire, doulè nan pwatrin, oswa w ap senyen epi li difisil pou sispann.

**Sèvis Sante** - vle di sèvis tankou swen medikal, tè dyagnostik, ekipman medikal, aparèy, medikaman, pwotèz ak aparèy òtèz, konsèy nitrisyonèl, swen enfimyè, sèvis sosyal, terapi, swen dan, swen zye, ak swen zòrèy. Ou ka resevwa swen sante nan Sant Hope PACE la an oswa lakay ou. Epi tou, yo ka ba w sèvis sa yo nan klinik moun ki resevwa fòmasyon espesyal oswa nan lopital oswa mezon retrèt ki gen kontra ak Hope PACE pou bay sèvis swen sante pou patisipan Hope PACE yo.

**Sante ki gen rapò ak Sèvis** - vle di sèvis ki ede Hope PACE bay sèvis sante pou ou ak pou ede w kenbe endepandans ou. Sèvis sa yo gen ladan swen pèsònèl, asistans nan swen kay, terapi rekreyasyon, moun pou akonpanye ou, transpò, livrezon manje lakay, jesyon finansye, ak èd avèk pwoblèm lojman.

**Sèvis Lopital** - vle di sèvis yo jeneralman bay nan lopital jeneral medikal-chirijikal.

**Frè Chak Mwa** - vle di kantite lajan ou dwe peye si ou oblije, nan premye (1<sup>ye</sup>) jou a nan chak mwa bay Hope PACE pou ou ka resevwa avantaj kòm yon patisipan ki enskri.

**Mezon Retrèt** - vle di yon sant sante ki gen lisans kòm yon etablisman Mezon Retrèt nan men Eta Florida.

**Patisipan** - vle di nenpòt moun ki kalifye epi ki te siyen fèy siyati Kontra Enskripsyon pou resevwa sèvis swen sante nan men Hope PACE. Lè nou di “ou” oswa “pa ou” sa vle di patisipan tou.

**Ekip Swen** - vle di ekip entèdisiplinè pwofesyonèl Hope PACE la ki gen ladan doktè, travayè sosyal, enfimyè anrejistre, famasyen, kowòdonatè swen nan kay, terapè fizik, terapè lwazi terapè okipasyonèl, terapè lapawòl, kowòdonatè transpò ak dyetetist. Yo pral gade kondisyon medikal, fonksyonèl ak siko-sosyal ou epi devlope yon plan tretman pou ba ou swen ou bezwen. Ekip sa a bay ak verifye anpil nan sèvis sa yo. Yon manm Ekip Swen Entèdisiplinè ou a dwe otorize tout sèvis sa yo. Detanzantan, Ekip ou pral rankontre pou pale sou bezwen ou yo, deside si bezwen ou yo te chanje, ak chanje plan tretman ou a pou satisfè bezwen sa yo.

**Kontra Enskripsyon** - vle di ti liv la eksplike ou Hope PACE, ki moun ki kalifye yo vin yon Patisipan, ki jan yo enskri ak kouman yo anile enskripsyon, ki kalite swen ou pral jwenn, ki dwa ou yo, ak tout lòt règ ak kondisyon nan Hope PACE.

**Zòn Sèvis** - Konte Charlotte, Collier ak Lee

**Adrès Sèvis** - vle di nenpòt kote nan konte Charlotte, Collier oswa Lee yon patisipan resevwa sèvis sante oswa sèvis ki gen rapò ak sante epi yo nan Kontra Enskripsyon Patisipan an.

**Sèvis Swen Ijan** - yo se sèvis ki garanti yo ofri bay yon patisipan ki pou yon ti tan absan nan zòn sèvis Hope PACE la, oswa, nan kèk sikonstans, yo bay yon patisipan ki nan zòn nan sèvis men pa gen ni Hope PACE ni yon pwofesyonèl swen sante ak kontra Hope PACE disponib oswa aksesib. Epi, lè sèvis sa yo nesèsè epi patisipan an bezwen yo byen vit paske gen sentòm yon maladi, chòk, oswa kondisyon yo pa te prevwa kote nenpòt ki moun nan t ap kwè moun nan bezwen atansyon san pèdi tan.





Telefòn 239.985.6400

Apèl Gratis 866.659.7223

Moun ki Mal Pou Tande 800.995.8771

[www.HopePACE.org](http://www.HopePACE.org)